



Sonje reyalite enpòtan sa yo

- Ou fèt pou gen Medicare Pati A (Asirans Lopital) ak Medicare Pati B (Asirans Medikal) pou achte yon polis asirans Medigap.
- W ap peye konpayi asirans prive a yon prim mansyèl pou polis asirans Medigap ou a anplisde prim Pati B mansyèl la ke w peye Medicare. Kontakte konpayi asirans lan pou konnen kijan w ka peye pou prim Medigap ou.
- Yon polis asirans Medigap kouvari yon sèl moun. Mari/madanm fèt pou achte polis asirans separe.
- Byenke sèten polis asirans Medigap yo te vann anvan te kouvri medikaman sou preskripsyon, polis asirans Medigap yo vann apre 1ye janvye 2006, pa otorize pou kouvèti medikaman sou preskripsyon. Si ou vle kouvèti medikaman, ou ka patisipe nan yon plan Medicare Prescription Drug Plan (Pati D) ke konpayi asirans prive ke Medicare apwouve, ofri.
- Li enpòtan pou konpare polis asirans Medigap yo piske pri yo ka varye epi prim yo ka ogmante etan w ap vin pi granmoun. Gen sèten eta ki mete limit sou fason konpayi asirans yo etabli "pri" oswa prim Medigap yo.
- Pi bon epòk pou achte yon polis asirans Medigap se nan Peryòd Enskripsyon Lib Medigap ou a, lè w gen dwa pou achte nenpòt polis asirans Medigap yo ofri nan eta kote w rete a. Peryòd 6 mwa sa a kòmanse premye mwa ou gen Medicare Pati B a (Asirans Medikal), **epi** w gen 65 lane oswa plis. Gen kèk eta ki mande konpayi asirans Medigap yo pou yo vann polis Medigap yo ak moun ki gen pi ba pase 65 lane. Tcheke avèk Depatman Asirans Eta w la pou ka konnen ki dwa w ka genyen selon lalwa leta.

Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

- Ale nan sit [Medicare.gov/find-a-plan/questions/medigap-home](https://www.Medicare.gov/find-a-plan/questions/medigap-home) pou ka jwenn ak konpare polis asirans Medigap yo.
- Ale nan sit [Medicare.gov/publications](https://www.Medicare.gov/publications) pou ka wè oswa enprime "Chwazi yon Polis Asirans Medigap: Yon Gid pou Asirans Sante pou Moun ki gen Medicare (Choosing a Medigap Policy: A Guide to Health Insurance for People with Medicare)."
- Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou yo ka ede w avèk kesyon sou Medicare ak Medigap. Moun ki itilize sistèm TTY yo te mèt rele nan 1-877-486-2048.
- Rele Depatman Asirans Eta kote w rete a si w gen kesyon sou polis asirans Medigap yo vann nan zòn kote w rete a oswa pou nenpòt pwoblèm ki konsène asirans. Ale nan sit Medicare.gov/contacts, oswa rele nan 1-800-MEDICARE pou ka jwenn nimewo telefòn nan.
- Rele Pwogram Asistans pou Asirans Eta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) pou yo ka ede avèk bagay sa yo:
 - Pou achte yon polis asirans Medigap oswa asirans pou swen alontèm
 - Refi pèman oswa apèl
 - Pou dwa ak pwoteksyon Medicare
 - Pou chwazi yon plan Medicare
 - Pou deside si pou sispann polis asirans Medigap ou
 - Pou kesyon ki konsène fakti Medicare yo

Vizite shiphelp.org, oswa rele 1-800-MEDICARE pou w jwenn nimewo telefòn nan.



Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.

Asirans Siplemantè Medicare

ENTWODIKSYON



Enfòmasyon jeneral sou polis Asirans Siplemantè Medicare (Medigap)

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòma ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou soumet yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Vizite [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou jwenn plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

"Asirans Siplemantè Medicare: Entwodiksyon (Medicare Supplement Insurance: Getting Started)" pa yon dokiman legal. Gen plis detay ki disponib nan manyèl "Chwazi yon Polis Asirans Medigap: Yon Gid pou Asirans Sante pou Moun ki gen Medicare (Choosing a Medigap Policy: A Guide to Health Insurance for People with Medicare)." la ak sou [Medicare.gov](https://www.Medicare.gov). Gid legal sou Pwogram Ofisyèl Medicare la enkli nan lwa, règlemantasyon ak règleman ki aplikab yo.


Enfòmasyonnan bwochi sa ate kòrèk lè yo te enprime. Ale nan sit [Medicare.gov](https://www.Medicare.gov) oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou ka jwenn enfòmasyon ki pi resan yo. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele 1-877-486-2048.

Ann Kòmanse

Original Medicare peye pou plizyè, men pa tout, sèvis ak founiti swen sante. Polis asirans Medicare Supplement Insurance (Medigap), ke konpayi prive yo vann, ka ede peye kèk nan depans ke Original Medicare pa kouvri, tankou kopeman, ko-asirans, ak dediktib.

Gen sèten polis asirans Medigap ki kouvri sèvis Original Medicare pa kouvri, tankou swen medikal dijans lè ou vwayaje andeyò Etazini. Si ou gen Original Medicare e ou achte yon polis asirans Medigap, Medicare pral peye pòsyon pa l la pou montan Medicare apwouve pou depans swen sante ki kouvri yo. Apresa, polis asirans Medigap ou a peye pòsyon pa l la. W ap peye yon prim pou polis asirans Medigap la anplis prim Pati B mansyèl la ke w peye Medicare.

Yon polis asirans Medigap pa menm ak yon Plan Medicare Advantage. Plan Medicare Advantage se fason pou jwenn benefis Medicare yo, alòske polis asirans Medigap la se yon sipleman Original Medicare la. Anjeneral, li kont lalwa pou yon konpayi asirans vann yon polis asirans Medigap bay yon moun ki toujou enskri nan yon plan Medicare Advantage Plan. Si w gen Medigap epi w chanje ale nan yon plan Medicare Advantage Plan pou premye fwa, ou gen dwa pou w chanje lide. W ap genyen dwa espesyal selon lwa federal la pou achte yon polis asirans Medigap si ou tounen nan Original Medicare nan peryòd 12 mwa enskripsyon nan Plan Medicare Advantage la.



Ki polis asirans ki disponib?

Chak polis asirans Medigap fêt pou respekte lwa federal ak lwa leta ke yo etabli pou pwoteje w, e se pou yo idantifye polis asirans lan klèman antanke "Medicare Supplement Insurance." Konpayi asirans yo ka vann ou sèlman yon polis asirans Medigap "estandardize", ki idantifye nan pi fò eta yo ak lèt: Plan A-N. Nan Massachusetts, Minnesota ak Wisconsin, polis asirans Medigap yo estandardize yon lòt fason. Ale nan sit Medicare.gov pou ka gen plis enfòmasyon.

Tout polis asirans estandardize yo ofri menm benefis debaz yo, kèlkeswa konpayi asirans ki vann yo a, men gen sèten ki ofri benefis adisyonèl pou w ka chwazi kilès ladan yo ki satisfè bezwen w yo.

Plan E, H, I ak J pa disponib pou achte ankò, **men**, si ou déjà gen youn nan polis asirans sa yo, jeneralman ou ka kenbe l. Kontakte konpayi asirans ou pou gen plis enfòmasyon.

Nan sèten eta, ou ka achte yon lòt tip polis asirans Medigap ke yo rele Medicare SELECT. Plan Medicare SELECT yo se polis asirans Medigap estandardize ki egzije w pou itilize sèten lopital espesifik, e nan sèten ka, sèten doktè espesifik oswa lòt pwofesonèl swen sante pou jwenn kouvèti siplemantè konplè (esepte nan ka dijans). Si ou gen Medigap e ou chanje pou pran yon polis asirans Medicare SELECT, se dwa w, selon lwa federal pou chanje lide w sou yon peryòd 12 mwa epi pou chanje ankò pou pran yon polis asirans Medigap estanda.

Plan Medigap yo vann bay moun ki nouvo nan Medicare nan dat oswa apre dat 1ye janvye 2020 an pa pèmèt yo kouvri dediktib pou Pati B a. Poutèt sa, Plan C ak F yo pa disponib ankò pou moun ki nouvo nan Medicare nan dat oswa apre dat 1ye janvye 2020 (sila yo ki vin gen 65 lane nan dat oswa apre dat 1ye janvye 2020 an, ansanm ak sila yo ki gen Pati A nan dat oswa apre dat 1ye janvye 2020 an).

Si w déjà gen youn nan plan sa yo (oswa gwo dediktib nan vèsyon Plan F) avan dat 1ye janvier 2020, ou ka kenbe l. Si w te elijib pou Medicare anvan 1ye janvye 2020, men w patko enskri, ou ka otorize pou achte Plan C oswa Plan F. Moun ki nouvo nan Medicare yo nan dat oswa apre dat 1ye janvye 2020 gen dwa pou yo achte Plan D ak G olye Plan C ak F.

Kijan mwen kapab konpare plan Medigap yo?

Tablo ki pi ba a montre enfòmasyon debaz sou diferan benefis ke polis asirans Medigap yo kouvri. Si gen yon pousantaj ki parèt, plan Medigap la kouvri pousantaj sa a pou benefis la e ou responsab pou peye pou rès la. Vizite [Medicare.gov/supplements-other-insurance/how-to-compare-medigap-policies](https://www.Medicare.gov/supplements-other-insurance/how-to-compare-medigap-policies) pou w ka wè enfòmasyon sa a anliy.

Avantaj	Plan Asirans Siplementè Medicare (Medigap)									
	A	B	C	D	F*	G*	K	L	M	N
Pri pou ko-asirans ak depans lopital pou Medicare Pati A (jiska 365 jou adisyonèl apre ou fin itilize benefis Medicare yo)	100%	100%	100%	100%	100%	100%	100%	100%	100%	100%
Ko-asirans oswa kopeman pou Medicare Pati B	100%	100%	100%	100%	100%	100%	50%	75%	100%	100%***
San (3 premye pent yo)	100%	100%	100%	100%	100%	100%	50%	75%	100%	100%
Ko-asirans oswa ko-peman pou swen ospis pou Pati A	100%	100%	100%	100%	100%	100%	50%	75%	100%	100%
Ko-asirans pou swen nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize			100%	100%	100%	100%	50%	75%	100%	100%
Dediktib pou Pati A		100%	100%	100%	100%	100%	50%	75%	50%	100%
Dediktib pou Pati B			100%		100%					
Frè eksedantè pou Pati B					100%	100%				
Ka dijans pandan vwayaj aletranje (jiska limit plan an)			80%	80%	80%	80%			80%	80%
						Limit ki pou soti nan pòch ou (2022)***		\$6,620 \$3,310		

Estandadize polis airans Medigap yo pa mande pou swen alontèm yo (tankou swen lakay yon enfimyè), vizyon oswa swen dantè, aparèy pou zòrèy, linèt ak swen prive.

* Plan F la ak G yo ofri tou yon plan dediktib ki wo nan sèten eta. Avèk opsyon sa a, ou dwe peye pou depans Medicare ki kouvri yo (ko-asirans, kopeman ak dediktib) jiska montan dediktib la ki se \$2,490 an 2022, anvan polis asirans ou an peye nenpòt sèvis. (Plan C ak F yo pa disponib ankò pou moun ki fèk kalife pou Medicare nan dat oswa apre dat 1ye janvye 2020). Moun ki nouvo nan Medicare nan dat oswa apre dat 1ye janvye 2020 gen dwa pou yo achte Plan D ak G olye Plan C ak F.

** Plan K ak L, apre ou fin satisfè limit anyèl pou depans ki sot nan pòch ou a ak dediktib anyèl pou Pati B a (\$233 pou 2022), plan Medigap la peye 100% pou sèvis ki kouvri yo pou rès ane kalandriye a.

*** Plan N peye 100% pou ko-asirans Pati B a, esepte pou yon kopeman jiska \$20 pou sèten vizit kay doktè e pou jiska yon kopeman \$50 pou vizit nan sal dijans ki pa mande pou pasyan an entène.